

6A-6.03313 Pwosedè Sekirite pou Elèv Eksepsyonèl ki Gen Don yo. Bay paran yo enfòmasyon ki konsène dwa yo genyen nan kad règleman sa a se yon bagay ki enpòtan anpil pou asire ke yo gen opòtinite pou yo vin asosye nan desizyon ki gen rapò ak timoun yo. Li enpòtan anpil tou pou ke konsèy administrasyon lekòl lokal yo pibliye enfòmasyon sou dwa sa yo bay pèsònèl lekòl ak pèsònèl distri apwopriye yo, yon fason pou yo kapab idantifye ak reponn a bezwen elèv yo san pwoblèm. Règleman ak pwosedè konsèy administrasyon lekòl yo pou pwosedè sekirite yo dwe tabli an akò avèk Règleman 6A-6.03411, FAC., epi yo dwe genyen ase dispozisyon pou atik ki pi ba yo:

(1) Anons a lavans. Distri lekòl la pral founi paran yo yon tan rezonab ansanm ak anons a lavans avan yo fè nenpòt pwopozisyon oubyen avan yo refize yon demand pou inisyè osnon chanje idantifikasyon, evaliyasyon, plasman edikasyonèl elèv la oubyen ankò dispozisyon lwa pou yon edikasyon ki gratis e ki apwopriye pou elèv la.

(a) Fòk anons yo ap voye bay paran yo a lavans yo ekri nan lang piblik la an jenerak kapab konprann e yo dwe ekri nan lang natif natal paran yo oubyen nan lòt fòm kominikasyon yo itilize a mwens ke fòm kominikasyon an pa fezab pou itilize.

(b) Si paran yo pa sèvi ak yon langaj ekri kòm mòd kominikasyon, distri lekòl la sipoze asire li:

1. Ke anons la tradwi pou paran yo oralman oubyen pa lòt mwayen ki nan lang natif natal yo pale a osnon nan lòt mòd kominikasyon an;
2. Ke paran yo konprann sa ki di nan avi a; epi
3. Ke gen yon dokimantasyon ekri ki endike ke yo reponn a ekzijans ki nan sou paragraf (1)(b)1. ak 2. nan règleman sa a.

(c) Anons pou paran yo dwe enkli:

1. Yon deskripsyon aksyon distri a pwopoze oubyen refize, yon eksplikasyon sou rezon ki fè distri a pwopoze oubyen refize pran aksyon an, ak yon deskripsyon sou nenpòt lòt opsyon distri a konsidere ak rezon ki fè yo rejte rezon sa yo.
2. Yon deskripsyon chak pwosedè evaliyasyon, ekzamen, dosye, oubyen rapò distri a itilize kòm baz pou pwopoze ak refize aksyon an;
3. Yon deskripsyon sou nenpòt lòt faktè ki gen rapò ak pwopozisyon osnon refi distri a; epi
4. Enfòmasyon sou kijan paran yo kapab jwenn yon kopi pwosedè sekirite ki espesifye nan règleman sa a.

(2) Kontni ak dispozisyon Pwosedè Sekirite Paran yo.

(a) Fòk yo bay paran yo yon kopi pwosedè sekirite a ki ba yo tout enfòmasyon posib sou dispozisyon ki enkli nan règleman sa a.

(b) Yo dwe mete a dispozisyon paran timoun ki gen don yo yon kopi pwosedè sekirite a, e paran yo dwe resevwa yo nan yon tan pou pi piti ki:

1. Nan okazyon referans inisyèl pou evaliyasyon an;
2. Nan moman yo refize paran yo demand yo fè pou kondwi yon evaliyasyon inisyèl;
3. Nan moman yo ap bay yon avi pou chak reyinyon EP; ak
4. Lè yo resevwa demand pou jijman ke se swa bò kote distri lekòl la oubyen bò kote paran an, swivan sa seksyon (7) règleman sa a di

(3) Konsantman paran ki enfòme yo

(a) Fòk paran yo jwenn enfòmasyon o konplè sou tout aksyon ki ap antreprann kote yo kapab chèche jwenn konsantman yo nan lang yo pale osnon a travè lòt mòd kominikasyon amwens ke kominikasyon an klèman pa feزاب.

(b) Fòk yo jwenn konsantman paran yo pa ekri avan pou kondwi yon evaliyasyon inisyale pou detèmine kalifikasyon ak dispozisyon inisyale sou sèvis elèv ki gen don yo.

(c) Fòk distri lekòl yo dokimante tout tantativ ki fèt pou rekeyi yon konsantman nan men paran yo jan paragraf (3)(b) nan règleman sa a ekzije sa.

(d) Konsantman paran se yon bagay ki volontè e yo kapab revoke sa nenpòt lè avan gen yon aksyon ki pran.

(e) Eksepte pou evaliyasyon fòmèl, endividyèl ak dispozisyon sou sèvis etidyan yo, yo pa dwe ekzije konsantman kòm kondisyon pou nenpòt lòt avantaj pou paran ak timoun nan. Nenpòt pwopozisyon osnon refi pou inisyale oubyen chanje idantifikasyon, evaliyasyon, oubyen plasman edikasyonèl osnon dispozisyon pou yon edikasyon piblik gratis ki apwopriye pou elèv la aprè plasman inisyale la, pa dwe sijè a konsantman paran an men li dwe sijè a yon avi davans jan sa defini nan seksyon (1) nan règleman sa a.

(f) Yo pa ekzije konsantman paran avan:

1. Revizyon enfòmasyon ki ekziste kòm pati yon evaliyasyon; oubyen,

2. Administratè yon ekzamen osnon lòt evaliyasyon ke yo bay tout elèv yo amwens ke, avan administrasyon ekzamen oubyen evaliyasyon sa a, yo ekzije konsantman paran tout elèv yo.

(4) Opòtinite paran yo genyen pou ekzamine dosye ak pou patisipe nan reyinyon yo.

(a) Fòk paran elèv ki gen don yo jwenn opòtinite, an akò ak Règleman 6A-1.0955, FAC., Seksyon 1002.22, Estat Etabli nan Florid la, ansanm ak règleman sa a, pou enspekte ak revize dosye edikasyonèl pitit yo.

(b) Dwa pou enspekte ak revize dosye edikasyon yo anba règleman sa a enkli dwa pou paran yo voye yon reprezantan vin enspekte ak revize dosye yo sitou dosye ki gen rapò ak idantifikasyon, evaliyasyon, ak plasman edikasyonèl timoun nan ansanm ak dispozisyon pou timoun nan resevwa yon edikasyon piblik apwopriye gratis.

(c) paran yon elèv ki gen don dwe jwenn opòtinite pou li patisipe nan reyinyon yo kote yo ap diskite pou devlope plan edikasyonèl pitit yo.

(5) Evaliyasyon paran yo peye pou jwenn. Si paran an depanse pwòp lajan pa li pou jwenn yon evaliyasyon endepandan ki reponn a rekòmandasyon sou seksyon (4) nan Règleman 6A-6.0331, FAC., fòk distri lekòl la konsidere rezilta evaliyasyon yo nan nenpòt desizyon li ap pran nan bi pou detèmine kalifikasyon yon etidyan pou sèvis edikasyon etidyan eksepsyonèl yo.

(a) Rezilta jan de evaliyasyon sa yo dwe prezante kòm prèv nan nenpòt jijman ke sou seksyon (7) règleman sa a otorize.

(b) Si yon jij ki konn lwa administratif ekzije pou yon evaliyasyon edikasyonèl endepandan fèt kòm pati yon jijman, se leta ki pou peye pou evaliyasyon sa a, jan sa defini nan paragraf (7)(c) Règleman 6A-6.03411, FAC.

(6) Pwosedi pou Pote Dolemans devan Eta a. Depatman Edikasyon dwe bay paran yo ak lòt moun ki enterese opòtinite pou rezoud pawòl ki ap pale kòm kwa distri lekòl la vyole ekzijans eta a ki konsène edikasyon elèv ki gen don yo atravè pwosedi eta a tabli pou moun pote plent oubyen dolemans.

(a) Nan espas katrevendis (90) jou aprè yo fin depoze yon plent, Depatman Edikasyon an dwe konsilte sa dispozisyon règleman yo mande pou li:

1. Inisyè yon investigasyon endepandan sou lye kote evenman an pase a, si Depatman edikasyon an detèmine ke sa nesèsè;
2. Bay moun ki pote doleyans la opòtinite pou li soumèt lòt enfòmasyon anplis, oubyen oralman oubyen pa ekri, konsènan pwoblèm ki prezante nan doleyans li te prezante a.
3. Revize tout enfòmasyon ki enpòtan epi travay sou yon detèminasyon endepandan pou konnen si wi ou non distri lekòl la vyole yon ekzijans eta a konsènan edikasyon elèv ki gen don yo.
4. Pibliye yon desizyon ekri sou doleyans la ki adrese chak sijè ki prezante nan doleyans la epi ki prezante fè yo dekouvri yo, konklizyon yo tire, ansanm ak rezon (yo) ki pouse Depatman Edikasyon an pran yon desizyon final; ak
5. Pwolonje tan yo limite ki figure nan paragaf (6)(a) règleman sa a si gen sikonstans eksepsyonèl ki ekziste an rapò ak yon doleyans patikilye.

(b) Pwosedi pou Depatman Edikasyon an mete desizyon li a an aplikasyon san pwoblèm enkli sa nou pral di la yo:

1. Aktivite asistans teknik;
2. Negosiyasyon; ansanm ak,
3. Aksyon korektif pou fè respekte desizyon yo.

(c) Relasyon ki an rapò ak pwosedi jijman yo

1. Si yo resevwa yon doleyans pa ekri ki, an menm tan, ekzije yon jijman ki an akò ak sou seksyon (7) règleman sa a, oubyen plent sa a gen plizyè pati ladan, kote youn oubyen plis nan pati pati yo enkli nan sijè ki pral devan la jistis yo, Depatman Edikasyon an pral mete de kote nenpòt pati nan doleyans la ke yo adrese nan jijman tribinal la jiskaske jijman an rive nan bout li. Sepandan, nenpòt sijè ki nan doleyans la ki pa fè pati jijman tribinal la dwe rezoud an akò ak pwosedi ki dekri nan sou seksyon (6) règleman sa a.
2. Si gen yon sijè ki prezante nan yon doleyans ki anrejistre an rapò ak sou seksyon ki te deja tranche avan nan yon jijman ki enplike menm pati yo, desizyon jij administratif la te pran nan ka sa a sipoze rete epi Depatman Edikasyon an dwe fè moun ki pote doleyans la konnen sa.
3. Fòk Depatman Edikasyon an rezoud tout plent ki ta akize yon distri lekòl poutèt li derefize mete desizyon yon pwosesis jijman an aplikasyon.

(7) Jijman. Dwe gen jijman ki disponib pou paran elèv ki gen don yo ak pou distri lekòl yo pou yo kapab rezoud pwoblèm ki gen relasyon ak idantifikasyon, evaliyasyon, oubyen plasman edikasyonèl elèv la osnon dispozisyon pou yon edikasyon piblik apwopriye ki gratis.

(a) Paran elèv la osnon yon distri lekòl kapab inisyè jan de jijman sa yo ki trete pwopozisyon ak refi pou inisyè oubyen chanje idantifikasyon, evaliyasyon, oubyen plasman edikasyonèl elèv la osnon dispozisyon pou yon edikasyon piblik apwopriye ki gratis.

(b) Fòk se yon jij ki konn lwa administratif ki soti nan Divizyon Jistis Administratif, Depatman Sèvis Jesyon ki pou jije ka a nan non Depatman Edikasyon an.

(c) Yon jij ki konn lwa administratif (ALJ) dwe itilize sou seksyon (7) règleman sa a pou jan de jijman sa yo e li dwe kondwi jijman an an akò ak Règleman Inifòm pou Pwosedi Administratif yo, (*Uniform Rules for Administrative Proceedings*), Chapit 28-106, FAC., ke ALJ jije apwopriye ki enkli ladan, men ki pa limite a: otorite yon pati genyen pou ekzije yon konferans avan jijman an, otorite ALJ genyen pou li pou rele temwen vin temwanye ak pou pwodwi dosye, ak otorite ALJ genyen pou pibliye yon rezime sou vèdik ki soti an absans fè konkrè yon sijè ki an diskisyon.

(d) Sitiyasyon yon elèv pandan pwosè a.

1. Pandan moman ke gen yon pwosè administratif oubyen jidisyè ki konsène yon jijman ki te an sispan, a mwens ke distri a ak paran elèv la mete yo dakò pou fè yon lòt bagay, elèv ki enplike nan pwosè a dwe rete lekòl pou fè devwa li. Si pwosè a enplike yon aplikasyon pou yon admisyon inisyèl nan yon lekòl piblik, fòk yo plase elèv la, avèk konsantman paran li, nan yon pwogram lekòl piblik jiskaske pwosè a fini.

2. Si jij ki konn lwa administratif la mete li dakò avèk paran an epi li dekouvri gen yon chanjman nan plasman timoun nan ki apwopriye, e ke plasman sa a fè objè yon akò pandan jijman an ap transfere nan kou dapèl.

(e) Dwa jijman pou tout pati yo.

1. Nenpòt pati ki nan jijman ki antre anba sou seksyon (7) règleman sa a gen dwa:

a. Pou li chwazi yon konseye pou reprezante li oubyen pou li chwazi yon reprezantan kalifye pou reprezante li swivan sa nòm ak kalifikasyon ki afiche nan Règleman 28-106.106 ak 28-106.107, FAC eksplike., osnon pou li akonpanye ak pou li jwenn konsèy nan men yon moun ki gen konesans espesyal oubyen ki resevwa fòmasyon sou pwoblèm espesifik elèv ki gen do yo ap konfwonte, oubyen tou nenpòt melanj nan sijè ki pi wo yo;

b. Pou prezante prèv, ak pou konfwonte, kont-ekzamine, ak asiye temwen yo;

c. Pou entèdi entwodiksyon nan jijman an nenpòt prèv yo pat ko revele bay lòt pati a omwen senk (5) jou avan jijman an;

d. Pou jwenn dosye presi ki ekri, oubyen swivan opsyon paran an, ki sou fòm elektwonik, ki soti nan jijman an san paran an pa peye senk kòb pou sa; ak

e. Pou jwenn fè ak lòt twouvay ansanm ak desizyon yo ki ekri, oubyen swivan opsyon paran an, ki sou fòm elektwonik san paran an pa peye senk kòb pou sa.

2. Lòt enfòmasyon an plis ki dwe revele.

a. O mwen senk (5) jou avan yo kondwi yon jijman ki an akò ak sou seksyon (7) règleman sa a, chak pati pral revele bay lòt pati yo tout evaliyasyon yo konplete avan dat sa ansanm ak rekòmandasyon ki baze sou evaliyasyon pati a te ofri kondwi e pati a panse itilize nan jijman an.

b. Yon jij ki konn lwa administratif kapab bare nenpòt pati ki refize obeyi avèk sou paragraf (7)(e)2. ki nan règleman sa a ki fè swit a entwodiksyon evaliyasyon ak rekòmandasyon ki enpòtan pou prezante nan jijman an san konsantman lòt pati a.

(f) Dwa paran yo nan jijman yo. Fòk paran ki enplike nan jijman yo dwe resevwa, an plis de dwa ki dekri nan paragraf (7)(e) règleman sa a, dwa pou yo:

1. Fè pitit yo ki fè objè deba yo prezante nan jijman yo; epi

2. Fè piblik la gen aksè a jijman an.

(g) Devwa ak responsabilite sipèentandan an oubyen yon lòt moun yo dezinye pral enkli:

1. Mete an aplikasyon pwosedi ki rekòmande pou paran yon timoun ki gen don, oubyen avoka ki reprezante timoun nan, prezante yon avi bay distri lekòl la. Avi yo rekòmande a, ki dwe rete konfidansyèl, dwe enkli ladan: non timoun nan; adrès kote timoun nan rete; non lekòl timoun nan; yon deskripsyon pwoblèm ki lakoz yo pwopoze oubyen refize yon inisyasyon oubyen yon chanjman, ki enkli ladan fè ki gen rapò ak pwoblèm nan; ak, yon rezolisyon yo pwopoze pou pwoblèm nan e ki disponib pou paran yo nan moman an. Spandan, distri lekòl la pa sipoze refize oubyen ranvwaye dwa yon paran genyen pou ale nan lajistis paske li ta refize bay avi sa a.

2. Transfere imedyatman bay Divizyon Administratif Jistis la yon vrè kopi rekòmandasyon paran an fè pou yon jistis aprè li fin resevwa li;

3. Avize tout pati yo sou dwa ak responsabilite yo avan, pandan, ak aprè jijman an. Avi sa a dwe enkli ladan enfòmasyon pou paran an sou nenpòt sèvis legal oubyen lòt sèvis konsa ki gratis osnon ki pap koute anpil, ki disponib, si paran an mande enfòmasyon sa a oubyen si paran an oubyen distri lekòl la pran inisyativ fè jijman an.

4. Detèmine si paran an ap bezwen yon entèprèt epi chèche jwenn yon entèprèt pou li;

5. Soumèt avèk desizyon jij lwa administratif la ki konsène demand ki fèt pou ak chanje evidans; dekouvri; pou dokimante mosyon ak, pwogram, yon fason pou reponn ak rekòmandasyon règleman sa a, ak delè ki tabli yo.

6. aranjan dispozisyon ak peyman asistans sèvis tribinal la, pou itilizasyon tribinal la, ak yon rapò grefye tribinal pou jijman an.

7. Konplete lòt responsabilite konsèy administrasyon lekòl la espisifye.

(h) Devwa ak reponsabilite Depatman Edikasyon an pral enkli:

1. Konsève yon lis moun ki sèvi kòm jij ki konn lwa administratif ki enkli yon deklarasyon sou kalifikasyon chak nan moun sa yo; ak

2. Konsève yon dosye sou òdonans final jan de jijman sa yo epi founi enfòmasyon sa yo bay piblik la si yo fè demand la.

(i) Devwa ak responsabilite yon jij ki konn lwa administratif ap gen ladan:

1. Pou etabli dat, lè, ak lokal pou jijman an ansanm ak nenpòt lòt konferans telefòn avan jijman an ak aksyon pou jijman an fèt. Chak jijman ki enplike ak agiman oral dwe fèt nan yon lè ak yon kote ki rezonab e ki apwopriye pou paran yo ak timoun yo;

2. Pou kondwi yon jijman ki dewoule an tout jistis e san pati pri;

3. Pou asire li ke tout dekouvèt, aksyon pratik, ansanm ak pwosedi avan jijman yo kondi yon fason rapid, konsistan avèk delè ke règleman ki pale de echanj evidans yo ak fason pou yo fè dènye desizyon yo soti tabli.

4. Pou detèmine si paran an vle yon kopi desizyon final la ak dosye administratif jijman an pa ekri oubyen pa mwayen elektwonik.

5. Pou detèmine si wi ou non paran vle yon jijman a ki ouvè pou piblik la ak si wi ou non paran an vle pou timoun yo asiste jijman an.

6. Pou detèmine si wi ou non konseye paran an oubyen moun ki reprezante li a gen ase konesans oubyen fòmè ase sou sijè ki konsène elèv ki gen don yo.
 7. Pou detèmine kijan yo kapab fè echanj evidans avan ak pandan jijman an;
 8. Pou detèmine kijan yo kapab konvoke temwen pou vin bay temwanyaj yo, pou yo reekzamine yo, ak pou avoka konfwonte yo pandan dekouvèt la ak pandan jijman an;
 9. Pou detèmine kijan yo kapab depoze evaliyasyon ak rekòmandasyon avan ak pandan jijman an;
 10. Pou rezime fè ak sa yo jwenn nan ka a ak pou pran yon desizyon san pati pri ki baze sèlman sou enfòmasyon ki prezante pandan jijman an;
 11. Pou abouti ak yon desizyon final ak pou voye bay tout pati yo pa lapòs kopi fè yo, sa yo jwenn ak desizyon ki konsène jijman an nan yon espas karant senk (45) jou aprè ke distri a te fin resevwa demand paran an oubyen te vin fè demand bò kote distri a pou mande yon jijman, kèlkeswa sa ki vin avan an;
 12. Pou li pran responsabilite pou fè tout moun respekte delè ak pwosedi ki tabli swivan sa règleman pou jijman sa a mande;
 13. Pou mentni konfidansyalite tout enfòmasyon yo; epi
 14. Pou òdone pou yo pwolonje jijman an swivan desizyon la lwa ba li e pwolonjman an kapab ale pi lwen ke peryòd ki prevwa nan sou seksyon (7) règleman sa a, sou demand nenpòt nan pati yo.
- (j) Aksyon sivil. Yon desizyon ki pran nan yon jijman ki kondwi anba sou seksyon (7) règleman sa a dwe yon desizyon final, amwens ke, nan espas trant (30) jou, yon pati ki santi li pa kontan ak desizyon an mande yon aksyon sivil nan kou sikwi eta a san li pa okipe li de kantite agiman ke sa okazyone, jan yo pale de sa nan Seksyon 1003.57(5), Eitati Eta Florid la. Kou sikwi eta a pral: resevwa dosye pwosedi administratif yo; tande, jan sa apwopriye, evidans an plis, epi li pral soti ak desizyon ki apwopriye a. Nan altènatif la, nenpòt pati ki santi li pa kontan ak desizyon jij administratif la pran an pral gen dwa pou rekòmande yon revizyon san pati pri nan yon kou dapèl ki apwopriye pou distri a jan sa di nan Seksyon 120.68 ak 1003.57(5), Eitati Eta Florid la.